**Pou atenn objektif nou nan metriz aktivite atistik, nou dwe toudabò asire epi soutni yon pwogram kalite siperyè ke nou te fikse kòm mezi priyorite nou an.*

Mezi Priyorite 4.3: Rive mwa Jen 2025, ogmante kantite elèv k ap patisipe nan NYSSMA Solo Festival & NYSSMA Major Ensembles pandan n ap konsantre nou pou nou jwenn yon patisipasyon total konbine de 500 elèv oswa plis.

NYSSMA Solo Festival & NYSSMA Major Ensemble	Done sou tandans yo					Objektif Anyèl yo				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Elèv k ap patisipe nan NYSSMA Solo Festival & NYSSMA Major Ensembles	78	120	158	346	431	450	460	475	490	500

**Pou atenn objektif nou nan metriz aktivite atistik, nou dwe toudabò asire epi soutni yon pwogram kalite siperyè ke nou te fikse kòm mezi priyorite nou an.*

Objektif senk ane yo selon priyorite: Objektif ak mezi pwogrè

Objektif 5: Diplòm etid segondè ak preparasyon pou antre nan kolèj epi fè karyè

Chak elèv pral diplome nan lekòl segondè pandan yo prepare pou antre nan kolèj, fè karyè, ak eksperyans apre yo kite lekòl segondè a.

Mezi Priyorite 5.1: Rive mwa Out 2025, amelyore eta preparasyon elèv yo nan fen ane tranzisyon kle yo .

Alfabetizasyon Bonè ak Devlopman Konpetans Fondamantal nan Lektè	Done sou tandans *					Objektif Anyèl				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Elèv Jadendanfan yo atenn oswa depase nivo referans la (Rapò Star Longitudinal)	---	---	49%	53%	---	53%	57%	61%	65%	69%

*Done ki soti nan Rapò STAR Longitudinal

Elèv Klas 3yèm ane sou chemen sikse	Done sou tandans					Objektif Anyèl				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Elèv 3yèm ane ki atenn oswa depase estanda leta nan ELA	20%	25%	29%	36%	----	44.3%	48%	53.6%	56.9%	62.9%
Elèv 3yèm ane ki atenn oswa depase estanda leta nan Matematik	17%	31%	32%	35%	----	40.2%	44%	47.8%	52%	56%

*rezilta anvan 2018 yo pa ka konpare ak rezilta 2018 ak annapre yo akòz de tès la ki vin modifye an de sesyon.

Preparasyon Akademik Elèv 6yèm Ane yo pou Kolèj	Done sou tandans					Objektif Anyèl				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Elèv 6yèm ane yo atenn oswa depase estanda leta nan ELA	24%	18%	38%	32%	----	33%	48%	41%	56%	57%
Elèv 6yèm ane yo atenn oswa depase estanda leta nan Matematik	20%	21%	26%	25%	----	27%	28%	29%	31%	32%

* rezilta anvan 2018 yo pa ka konpare ak rezilta 2018 ak annapre yo akòz de tès la ki vin modifye an de sesyon.

Elèv Klas 8yèm ane yo sou chemen sikse	Done sou tandans					Objektif Anyèl				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Elèv 8yèm ane yo atenn oswa depase estanda leta nan ELA	27%	27%	31%	30%	----	31%	32%	33%	34%	35%
Elèv 8yèm ane yo atenn oswa depase estanda leta nan Matematik	9%	7%	14%	12%	----	13%	17%	18%	20%	21%

* rezilta anvan 2018 yo pa ka konpare ak rezilta 2018 ak annapre yo akòz de tès la ki vin modifye an de sesyon.

Elèv lekòl segondè yo sou wout pou yo gradye	Done sou tandans					Objektif Anyèl				
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Rive nan fen klas 9yèm ane, elèv yo genyen 5 kredi epi yo reyisi nan matyè debaz yo	61%	57%	65%	77%	----	86%	98%	98%	99%	100%
Rive nan fen klas 10yèm ane, elèv yo akimile 11 kredi epi yo pase 3 kou Rejan yo.	33%	21%	26%	46%	----	53%	58%	64%	70%	75%
Rive nan fen klas 11yèm ane, elèv yo akimile 16 kredi epi yo pase 5 kou Rejan yo.	43%	46%	37%	36%	----	46%	50%	55%	60%	65%

Objektif senk ane yo selon priyorite: Objektif ak mezi pwogrè

Objektif 5: Diplòm etid segondè ak preparasyon pou antre nan kolèj epi fè karyè

Chak elèv pral diplome nan lekòl segondè pandan yo prepare pou antre nan kolèj, fè karyè, ak eksperyans apre yo kite lekòl segondè a.

Mezi Priyorite 5.2: Rive mwa Out 2025, ogmante pousantaj elèv ki gradye yo.										
	2016	2017	2018	2019	2020	2021	2022	2023	2024	2025
Pousantaj elèv ki gradye sou 4 ane										
TOUT	67%	59%	60%	65%	65%	67%	69%	71%	75%	77%
Azyatik oswa natif Awayi / Lòt zile pasifik	89%	88%	88%	83%	83%	90%	90%	92%	93%	95%
Nwa oswa Afwo-Ameriken	75%	77%	75%	81%	80%	84%	85%	88%	89%	92%
Moun ki gen pwoblèm ekonomik	66%	65%	60%	65%	65%	71%	73%	75%	78%	80%
Elèv k ap Aprann Anglè	8%	6%	17%	26%	25%	36%	48%	50%	62%	65%
Ispanik oswa Latino	55%	40%	47%	53%	53%	60%	65%	68%	72%	76%
Plizyè Ras	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%
Elèv ki gen Andikap	55%	45%	50%	58%	58%	61%	63%	65%	67%	69%
Blan	57%	44%	37%	44%	45%	45%	47%	48%	49%	51%
Pousantaj elèv ki gradye sou 5 ane										
TOUT	72%	74%	70%	65%	65%	74%	76%	77%	78%	82%
Azyatik oswa natif Awayi / Lòt zile pasifik	91%	89%	89%	90%	90%	91%	92%	93%	94%	95%
Nwa oswa Afwo-Ameriken	76%	80%	80%	80%	80%	81%	82%	83%	84%	86%
Moun ki gen pwoblèm ekonomik	75%	74%	74%	67%	67%	68%	69%	72%	74%	75%
Elèv k ap Aprann Anglè	35%	46%	46%	26%	26%	35%	40%	45%	50%	60%
Ispanik oswa Latino	60%	67%	67%	53%	53%	56%	59%	62%	65%	70%
Plizyè Ras	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%	0%
Elèv ki gen Andikap	59%	50%	50%	56%	59%	60%	61%	62%	63%	65%
Blan	62%	61%	61%	39%	49%	62%	63%	65%	66%	67%

*Done ki soti nan data.nysed.gov



Mizannèv Estrateji a

Elèv ki gen Andikap elèv k ap Aprann Anglè

Pandan yon long peryòd, Elèv ki gen yon Andikap yo (SWD) ak Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) te toujou gen kòm rezilta 1-2% nan konpetans nan evalyasyon ELA ak Matematik ke leta fè. Yon analiz vize kòz pèfòmans akademik sa a ki toujou fèb revele nesite pou fè ajisteman nan pwogram ak pratik ansèyman Distri a. Yo te mete aksan sou bay yon sipò ki diferan pou satisfè bezwen espesifik elèv ki gen andikap yo ak moun k ap aprann anglè yo, ansanm ak devlopman pwofesyonèl pou administratè ak pwofesè batiman an. Konsa, yo te fè yon revizyon nan kourikoulòm yo itilize pou elèv ki gen andikap yo, sa ki lakòz yo sèvi ak menm materyèl pedagogik menm jan ak lòt elèv ansèyman jeneral yo nan tout domèn, ki aliyen a nivo klas la epi ak estanda leta yo. Elèv ki gen andikap ke yo te evalye altènativman yo te resevwa materyèl pedagogik ki ajou ki aliyen ak estanda Eta NYSAA yo. Biwo Edikasyon Bileng Distri a revize Pwogresyon Nwayo Komen Bileng yo, Objektif Mezi NYSESLAT (ToMS) yo, ak eleman kap dekri konpetans lengwistik moun k ap aprann anglè yo nan NYSED pou ka detèmine pi bon pratik ansèyman pou satisfè diferan nivo lang moun k ap aprann anglè yo pandan y ap anseye kontni nivo eskolè yo. Anplis desa, yo te mete anplas sistèm ak pwotokòl pou asire ke moun ki ta genyen pou aprann anglè yo te idantifye nan moman enskripsyon an epi yo te mete yo kòm sadwa nan klas pou sipòte bezwen yo nan akizisyon lang lan.

Pilye 1 GWO ATANT POU ANSEYMAN AK APRANTISAJ

Pilye 1 nan Plan Estratejik Akademik la reflète chanjman estratejik la nan direksyon pou kenbe atant yo elve nan sa ki gen pou wè ak ansèyman epi aprantisaj tout elèv yo. Pou ede pwofesè yo reponn ak atant sa a, yo te reyalize pou tout pwofesè edikasyon espesyal yo yon devlopman pwofesyonèl ki konsène ansèyman ki yon konsevwa espesyalman an. Yo te mete aksan sou teknik echafodaj, ansèyman eksplisit, ak entèkansyon ki sible atravè gwoupman estratejik elèv ki gen andikap yo ak elèv k ap aprann anglè yo. Pwofesè elèv k ap aprann anglè yo te patisipe nan yon devlopman pwofesyonèl sible ki baze sou rechèch, sou kòman pou yo sipòte elèv yo devlope kontni ak ladrès lang lan ansanm.

Pilye 2 KILTI SEKIRITE AK RELASYON SOLID AVEK FANMI YO EPI KOMINOTE A

Yo te site Distri a pou yon gwo dispropòsyonalite nan plasman elèv blan yo nan pwogram edikasyon espesyal ki pa nan distri a. Depi ane lekòl 2016-2017 la kantite elèv nan kategori sa a pa sispann diminye. Yon revizyon elèv yo nan kategori sa a, sepandan, revele ke yon gwo kantite elèv ki soti nan elèv ki te konn deja ale nan lekòl ki pa piblik yo. Malgre ke gen pwogram espesyalize nan distri a pou reponn ak diferan bezwen elèv edikasyon espesyal nou yo, epi pwogram sa yo elaji chak ane, lè Komite Edikasyon Espesyal detèmine ke bezwen elèv yo depase sa yo bay nan yon pwogram nan distri a, yo refere elèv yo pou plasman andeyò distri a kèlkeswa si yo te frekante oubyen yo pat frekante lekòl piblik East Ramapo yo. Konsa, yon lyen pèmanan etabli ak fanmi ki pa nan lekòl piblik nou yo. An konfòmite avèk pilye 2.3, anplwaye distri a gen tan nan lekòl ki pa piblik yo pou evalye rekòmandasyon apwopriye yo pou edikasyon espesyal. Anplis desa, yo mennen aktivite sansibilizasyon bò kote tout fanmi ki nan Distri a pou familiarize paran yo ak pwogram ki nan lekòl piblik nou yo avèk espwa pou ogmante nivo konfò fanmi yo pou pitit yo patisipe nan yon pwogram lekòl piblik òdinè.

Kominikasyon avèk paran elèv k ap aprann angle yo ogmante anpil pa rapò ak ane anvan yo. Kounye a, oryantasyon paran yo fèt 2 fwa nan yon ane epi sab yen pase. Plis pase 200 a 225 paran patisipe nan oryantasyon kote yo enfòmè yo sou kalite pwogram akizisyon lang ki disponib nan Distri a ak dwa yo kòm paran elèv k ap aprann angle yo. Anplis desa, lekòl yo òganize evènman espesyalize pou paran elèv ki gen andikap yo ak elèv k ap aprann anglè yo pou diskite sou objektif lekòl la ak mezi yo, ansanm ak reyinyon endividyèl ak paran yo pou diskite sou fòs ak sipò akizisyon lang elèv yo.



Mizannèv Estrateji a

Elèv ki Gen Andikap ak Elèv k ap Aprann Anglè

Pilye 3 APRANTISAJ PWOFEYONEL AK KOLABORASYON KI KONSANTRE SOU REZILTA

Pou asire ke pwofesè edikasyon espesyal yo konnen byen sa ki nan nivo klas la epi yo ka anseye li bay elèv yo avèk konfyans, sous a ki konsène *Pilye 3 a*, yo angaje yo systematikman nan *aprantisaj pwofesyonèl ki konsantre sou rezilta ak kolaborasyon* avèk pwofesè ansèyman jeneral nan nivo klas yo, ansanm avèk ekip edikasyon spesyalize batiman an. Mizannèv *5 pilye fondamantal* yo te soutni amelyorasyon pèfòmans akademik tout elèv k ap aprann yo, elèv ki gen andikap yo ak elèv k ap aprann anglè yo: *apwopriyasyon aprantisaj elèv la/objektif aprantisaj, angajman elèv yo, ansèyman diferansye, kesyon refleksyon nivo siperyè, verifikasyon konpreyansyon/fidbak ki sible.*

Pilye 4 SISTÈM EFIKAS EPI EFISYAN KI FONDE SOU DONE

An akò ak devlopman pwofesyonèl ki konsène ansèyman ki fèt espesyalman pou elèv ki gen andikap yo epi pèmèt elèv sa yo konprann kontni ki baze sou nivo klas/estanda, yo mete aksan sou sa epi yo mete anplas enstitisyonalizasyon ansèyman an ak swivi pwogrè gras ak done yo. Pwofesè elèv ki gen andikap yo resevwa devlopman pwofesyonèl sou itilizasyon evalyasyon fòmatif, osi byen ke sou evalyasyon ki baze sou estanda ak konpetans, pou yo ka angaje yo nan yon swivi pwogrè elèv ki pwograme alantou atant nivo klas yo ak objektif IEP elèv yo. Te genyen reyinyon sou done ki te òganize nan batiman nan kominote aprantisaj pwofesyonèl epi pafwa ak avèk responsab sèvis edikasyon espesyal pou egzaminen pwogrè elèv yo ak detèmine pwochen etap yo. Pwofesè elèv k ap aprann anglè yo te patisipe nan devlopman pwofesyonèl sible ki baze sou rechèch sou kòman pou yo ede elèv yo devlope kontni ak konpetans lengwistik yo ansanm. Menm jan ak devlopman pwofesyonèl yo bay nan tout distri a, pwofesè elèv k ap aprann anglè yo te egzaminen done evalyasyon fòmatif ki gen rapò ak tout 4 modalite ansèyman lang yo. Kòmantè ak sipò kontinyèl nan nivo distri a ke yo bay administratè batiman yo ak pwofesè elèv k ap aprann anglè yo pou asire pwogrè kontinyèl ak pwogresyon elèv yo. Pwofesè Anglè kòm yon nouvo lang ak bileng vin tounen pwofesè modèl nan batiman yo epi yo bay kòlèg yo sipò konsènan bezwen akademik, lengwistik ak sosyo-emosyonèl pou elèv k ap aprann anglè yo, menm jan yo menm yo kontinye devlope ekspètiz yo nan domèn sa yo.

Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal East Ramapo Central School District la (The East Ramapo Central School District's Office of Bilingual Education and World Languages) konsantre li chak ane sou sipòte Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo (ELLs) ki granmoun aje pandan y ap prepare yo pou yo gradye. Yon sistèm te devlope pandan yo sèvi avèk enfòmasyon nan baz done elèv k ap aprann anglè yo nan Distri a ki bay yon rapò akademik konplè pou chak elèv. Baz done a pran enfòmasyon sou sitiyasyon elèv k ap aprann anglè yo, prezans, pèfòmans yo nan Evalyasyon Eta a, kantite kredi ki akimile ak pwogrè yo nan kou aktyèl yo. Pou ane lekòl 2020-2021 la, n ap kontwòle 117 granmoun aje ki se elèv k ap aprann anglè, pandan n ap devlope tou kritè pou konekte ak elèv k ap aprann anglè yo ki nan 3yèm ane yo ki ka an danje. Anplis de analize done yo mansyone pi wo yo, pwosesis sa a gen ladan kominikasyon ak elèv yo chak semèn, ansanm ak konseye pedagogik yo, pwofesè yo ak fanmi yo pou asire ke elèv yo santi yo jwenn sipò ak rete sou bon chimen pou yo gradye. Elèv yo wè administratè distri yo kòm defansè yo epi relasyon ke nou devlope avèk yo kreye yon patenarya inik mityèl. Entèraksyon sa yo pèmèt yon pi bon konpreyansyon bezwen akademik ak sosyo-emosyonèl elèv nou yo, sa ki pèmèt nou bay yo pi bon sipò posib, pi bon konsèy, ak pi bon resous yo.

Kalandriye Mizannèv Estrateji a

Plan Estratejik Akademik a te finalize nan mwa me 2020 nan mitan pandemi COVID-19 la. Yo te egzaminen konsiderasyon sou fason enstriksyon an ta afekte. Konsa, yo te mete aksan sou asire ke tout elèv yo te gen aksè a tout aparèy ki baze sou teknoloji pou fasilite aprantisaj ibrid/vityèl (Pilye 1). Anplis desa, bezwen pou sipòte sante ak byennèt fanmi yo, pandan y ap ede paran yo navige nan resous lekòl la ak kominote a (Pilye 2) parèt kòm eleman esansyèl nan sipò byennèt sosyal ak emosyonèl elèv nou yo.

Estrateji yo kòmanse defini objektif yo oswa etap mizannèv yo pou atenn objektif yo idantifye a (yo). Kalandriye mizannèv estrateji sa a sèvi pou dekri kiyès (kòd pratik pwofesyonèl), kisa (mezi priyorite ak estrateji edikatif), kilè (ane mizannèv). Plan Anyèl pou Amelyorasyon Global Distri a ak Plan Anyèl Edikatif Global Lekòl la plis defini kiyès, kikote ak ki jan pou atenn objektif jeneral Distri a pandan faz mizannèv sa yo.

Pi ba a, yo itilize yon kat chalè pou endike degre mizannèv pou chak pilye sou peryòd senk ane Plan Estratejik Akademik la. Klas koulè ki mwens fonse a reflete yon premye mizannèv de 10-20% epi klas koulè ki pi fonse a reflete mizannèv konplè a 90-100%.

Pilye 1: Gwo Atant pou Ansèyman ak Aprantisaj						
Objektif yo	Estrateji Edikatif (pratik pwofesyonèl)	2020 - 2021	2021 - 2022	2022 - 2023	2023 - 2024	2024 - 2025
Objektif 1 Objektif 4	Ranfòse aliyman kourikoulòm, evalyasyon, ansèyman, materyèl ansèyman, entèkansyon reyaktif, ak teknoloji nan tout domèn kontni yo, nivo klas yo, ak kategori klas yo (T1, L1, O1).					
Objektif 2 Objektif 3 Objektif 5:	Ranfòse angajman elèv yo ak apwopriasyon aprantisaj la, epi aplike yon pwosesis alèt prekòs ak swivi kontini sou pwogrè elèv lekòl premye sik ak segondè yo pou ka jwenn diplòm etid segondè yo atan (T2, L1, L2).					
Objektif 3	Asire ke tout elèv yo gen aksè a aparèy ki baze sou teknoloji pou fasilite aprantisaj ibrid/vityèl (O2).					

Pilye 2 Kilti Sekirite ak Relasyon Solid avèk Fanmi yo epi Kominote a						
Objektif yo	Estrateji Edikatif (pratik pwofesyonèl)	2020 - 2021	2021 - 2022	2022 - 2023	2023 - 2024	2024 - 2025
Objektif 2 Objektif 3	Amelyore angajman paran yo ak siksè elèv yo atravè fòmasyon, kolaborasyon, ak kominikasyon (T3, L3, O3).					
Objektif 2 Objektif 3	Edike paran yo sou fason pou yo gen aksè ak resous lekòl la ak resous kominote a ki favorize sante ak byennèt fanmi an epi reysit nan konpòtman ak siksè nan lavi elèv yo (T3, L3, O3).					
Objektif 2 Objektif 3	Asire ke anplwaye yo rankontre ak elèv yo ak fanmi yo omwen de (2) fwa chak ane pou angaje yo nan dyalòg nan de (2) sans sou pwogrè akademik ak sosyo-emosyonèl elèv la, nan sèvi avèk pwotokòl apwopriye ak devlopman nan tout distri a pou asire konsistans ak koyerans (T3, L3, O3).					


Kalandriye Mizannèv Estrateji a

Rezilta poto 3 yo konsantre sou aprantisaj pwofesyonèl ak kolaborasyon						
Objektif yo	Estrateji Edikatif (pratik pwofesyonèl)	2020 - 2021	2021 - 2022	2022 - 2023	2023 - 2024	2024 - 2025
Objektif 1 Objektif 4 Objektif 5:	Bay devlopman pwofesyonèl kontinyèl ak ankadreman pedagogik ki akse sou aplikasyon efikas 5 pratik ansèyman fondamantal pou chak pwofesè, nan chak salklas, chak jou (T3, L4, O4)					
Objektif 1 Objektif 4 Objektif 5:	Bay aprantisaj pwofesyonèl kontinyèl, ankadreman, ak sipò pou direktè lekòl yo ak ekip lidèchip pedagogik lekòl yo pou akselere jan yo metrize senk (5) Konpetans kle nan Lidèchip yo (L4, O4).					
Objektif 1 Objektif 4 Objektif 5:	Aplike estrateji ak pwosesis pèfòman pou ranfòse atitud ki baze sou kwasans; planifikasyon solid ki baze sou done; platfòm aprantisaj ibrid/vityèl yo; kolaborasyon kolejyal; ak kilti amelyorasyon kontinyèl (T3, L4, O4). * Konpetans aprantisaj sosyo-emosyonèl yo pral abode nan kad atitud ki baze sou kwasans					

Pilye 4 Sistèm Efisyan ak Efikas ki Fonde sou Done						
Objektif yo	Estrateji Edikatif (pratik pwofesyonèl)	2020 - 2021	2021 - 2022	2022 - 2023	2023 - 2024	2024 - 2025
Objektif 4 Objektif 5:	Mete sou pye yon sistèm evalyasyon ekilibre pou bay fidbak atan epi ki fyab sou pwogresyon elèv yo, pratik pedagogik, entèvansyon, epi kominikasyon avèk paran yo (T5, L5, O5).					
Objektif 4 Objektif 5:	Òganize wòl santral, resous, ak pwosesis pou pi byen sipòte lekòl yo (O5).					
Objektif 2 Objektif 4 Objektif 5:	Òganize seremoni nan lekòl la ak distri a pou selebre reyalizasyon pèsònèl la, elèv yo, ak patenè distri a (L5, O5).					



East Ramapo Central School District:
Repons ELL ak SE yo pou NYSED



East Ramapo Central School District

Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal / Moun k ap Aprann Lang Anglè ak Biwo Sèvis
Espesyalize ak Edikasyon Espesyal: Repons pou Depatman Edikasyon Eta New York

8 Fevriye 2021.



Kòmantè Depatman Edikasyon Eta a sou Plan Akademik Estratejik Alontèm East Ramapo a

Biwo	Paj	Sijè	Kòmantè
OSE	10	Kantite Total Plasman Edikasyon Espesyal ki pa nan Distri a	Diminye kantite sa ta ka fè pati de priyorite LRE Distri a
OSE	13	Objektif 4: Metriz nan matyè akademik ak atistik yo	Lè w ap fikse objektif pèfòmans akademik pou Distri a, asire w ke yo aliyen ak done Plan Pèfòmans Eta Distri a (SPP) ansanm ak objektif Eta a
OSE	18	Objektif 5: Diplòm etid segondè ak preparasyon pou antre nan kolèj epi fè karyè	Asire w ke yo aliyen ak objektif SPP yo nan domèn sa yo.
OSE	20	Aplikasyon estrateji Elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang angle: Pilye 2	Asire ke CSE a ap respekte epi dokimante yon frason apwopriye egzijans ki nan Règleman Komisè a 200.4 (d) (4) (ii).
OBE WL	10	Mezi Priyorite 1.3: Rive mwa Jen 2025, ogmante pousantaj elèv k ap aprann lang anglè yo ki demontre pwogresyon nan akizisyon konpetans nan lang anglè, lè yap ogmante kantite ELLS nan nivo entèmedyè, avanse ak konpetan.	Sa a se yon bon objektif, men li ta bon tou divize li epi soti ak yon objektif espesifik pou elèv ki te rive nan nivo konpetan epi ki kite estati ELL la. Distri a ta dwe apwofondi done pou yo detèmine poukisa anpil elèv pa Pase de nivo entèmedyè ba pou rive nan nivo konpetan.
OBE WL	24	Aplikasyon estrateji Elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang angle: Pilye kat	Li enpòtan pou rann aksesib pou ELL yo estanda ki baze sou kontni yo, espesyalman pou pwofesè klas ki pa espesifik pou ELL yo.



Biwo Edikasyon Espesyal (OSE)

Sijè: Kantite Total Plasman Pou Edikasyon Espesyal ki pa nan Distri a

Kòmantè Diminye kantite a ta ka fè pati de priyorite LRE Distri a

Repons: Distri a bay priyorite ak plasman elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (LRE), ni pou pwogram nan distri a, ni pou plasman andeyò distri a. Nou angaje nou pou bay pwogram edikasyon espesyal pou elèv Distri nou yo "nan distri a" olye yo "lage" bezwen edikasyon yo nan men lòt ajans yo. Sepandan, si Komite sou Edikasyon Espesyal la (CSE) detèmine ke bezwen elèv yo depase sa yo ka bay nan distri a, konsiderasyon konsènan LRE toujou rete.

Toutfwa, akòz de angajman Distri a anvè LRE a, nou kenbe yon pakèt pwogram de kalite nan distri a pou kèk nan elèv nou yo ki gen pi gwo andikap. Nou gen yon pwogram pou elèv ki atenn otis, ki san parèy nan kalite ak gwosè pa rapò ak lòt distri ki ozalantou yo. Menm jan an tou, Distri a gen klas ki rezève pou elèv ki gen pwoblèm medikal epi ki gen plizyè andikap. Piske Distri a angaje l pou satisfè bezwen elèv yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon yo, Distri a ofri yon pakèt pwogram edikasyon espesyal, sa ki gen ladan sèvis obligatwa ki gen rapò ak pwogram yo, yon fason pou ede elèv yo gen aksè ak pwogram etid Eta a ansanm ak estanda nivo eskolè nan kad pwogram edikasyon jeneral la.

Depatman an travay nan tèt ansanm ak tout lòt departman ki nan pwogram eskolè a pou ede elèv ki kalifye ak elèv ki pa kalifye nan domèn tankou konsèy ak terapi sou konpòtman. Yo bay yon sipò bileng tou pou elèv ki kalifye yo, si sa nesèsè, nan yon fason ki gen mwens restriksyon posib.

Sijè: Objektif 4: Metriz nan matyè akademik ak atistik yo

Kòmantè: Lè w ap fikse objektif pèfòmans akademik pou Distri a, asire w ke yo aliyen ak done Plan Pèfòmans Eta Distri a (SPP) epi ansanm ak objektif Eta a

Repons: Pou ane lekòl la 2020-2021, Plan Pèfòmans Eta Distri a alantou endikatè 12, ki konsantre sou tranzisyon timoun piti yo. Nou gen yon departman edikasyon espesyal preskolè ki devwe ki travay avèk fanmi yo ak departman enskripsyon nou an pou asire tranzisyon pa twò vit ant entèvansyon bonè ak sèvis preskolè. Distri a mete aksan sou entèvansyon bonè epi li kwè ke lè elèv yo resevwa sipò apwopriye a bonè yo pral kapab byen atenn yon stad devlopman pandan tout pwogram edikatif yo a.



Sijè: Objektif 5: Diplòm etid segondè ak preparasyon pou antre nan kolèj epi fè karyè

Kòmantè: Asire w ke yo aliye ak objektif SPP yo nan domèn sa yo.

Repons: Plan Pèfòmans Eta Distri a pral konsantre sou tranzisyon segondè yo ak rezilta apre lekòl yo (endikatè 13 & 14) pandan ane lekòl 2021-2022 la. Kounye a, Distri a gen yon Kowòdonatè Ansèyman ki baze sou Travay ki sètifye, ki sipòte obtansyon diplòm etid segondè a ak preparasyon pou karyè nan bay elèv ki gen andikap yo, ansanm ak elèv edikasyon jeneral idantifye yo eksperyans ansèyman estriktire. Atravè eksperyans sa yo, elèv yo devlope konpetans 21yèm syèk yo epi yo aplike konesans yo tou nan salklas la ak deyò salklas la, pandan yo mete aksan sou sityasyon reyèl. Anplis desa, CDOS (Career Development & Occupational Studies) (Devlopman Karyè & Etid pwofesyonèl) disponib pou tout elèv edikasyon jeneral ak espesyal nou yo nan lekòl segondè nou yo. Kalifikasyon sa a, yo bay sou gradyasyon, sètifye ke elèv la pare pou antre nan nivo travay. An konsiltasyon avèk anplwaye lekòl la / distri a, yo rekòmande elèv yo bay Kowòdonatè Aprantisaj ki baze sou Travay nou an pou yo antre nan pwogram aprantisaj ki baze sou travay kote yo matche yo ak youn oswa plizyè eksperyans aprantisaj ki baze sou travay ki ta ka ede elèv yo reponn ak egzijans CDOS a ki se yon minimòm de 54 èdtan aprantisaj ki baze sou travay. Kowòdonatè Aprantisaj ki baze sou Travay nou an ede elèv yo tou nan devlopman konpetans nan preparasyon pou travay ki nesès pou gen yon CDOS, espesyalman nan domèn devlopman karyè, aprantisaj entegre, ak konpetans debaz inivèsèl.

Atikilasyon an kòmanse lè elèv yo nan ane premye sik. Konpetans pwofesyonèl yo kòmanse anseye nan kèk klas nan premye sik la epi yo fè plan sou objektif apre lekòl segondè elèv yo.

Sijè: Aplikasyon estrateji Elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang angle: Pilye De

Kòmantè: Asire ke CSE a ap respekte epi dokimante yon fason apwopriye egzijans ki nan Règleman Komisè a 200.4 (d) (4) (ii).

Repons: Distri a gen yon sistèm ki an plas pou sipòte evalyasyon ki apwopriye ak idantifikasyon elèv ki gen andikap epi ki aprann elèv angle tou. Yo bay evalyasyon bileng pou tout elèv ki deziyen kòm ELL, ak patisipasyon pwofesè angle kòm yon nouvo lang (ENL) ak / oswa pwofesè ki sètifye bileng yo obligatwa nan tout reyinyon Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) pou ELL yo, patikilyèman premye reyinyon kote y ap fè detèminasyon yo. Si yon pwofesè ENL pa kapab patisipe fizikman nan yon reyinyon CSE, yo bay CSE a yon rapò ekri sou pwogrè elèv la ak egzijans pou reponn ak bezwen lengwistik yo.

Anplis desa, menm si elèv yo pa deziyen kòm ELL yo ka toujou kalifye pou yon evalyasyon bileng. Pa egzanp, si yon elèv fè nòt Konpetan sou NYSESLAT la, y ap fèl pase yon tès Aptitud Vèbal Bileng (Bilingual Verbal Abilities Test, BVAT) oswa yon evalyatè bileng ap fè yon entèvyou avèk fanmi an pou wè si elèv la gen plis konpetan nan premye lang li an (L1). Nan ka sa, yap gen pou yo fè yon evalyasyon bileng.



Jan CSE a detèmine sa, kèk elèv benefisye de pwogram edikasyon espesyal bileng / sèvis ki asosye nan distri a.

Biwo Edikasyon Bileng ak Lang mondyal (OBEWL)

Sijè: Mezi Priorite 1.3: Rive mwa Jen 2025, ogmante pousantaj elèv k ap aprann lang anglè yo ki demontre pwogresyon nan akizisyon konpetans nan lang angle, lè yo ogmante kantite ELLS yo nan nivo entèmedyè, avanse ak konpetan.

Kòmantè: Sa a se yon bon objektif, men li ta bon tou si nou ta vantile li epi soti ak yon objektif espesifik pou elèv ki te rive nan nivo konpetan epi ki kite estati ELL la. Distri a ta dwe apwofondi done pou yo detèmine poukisa anpil elèv pa pase de nivo entèmedyè ba a pou rive nan nivo konpetan an.

Repons: Depatman an toujou revize done konsènan pwogresyon elèv yo de yon nivo konpetans pou ale nan yon lòt. Li te detèmine ke elèv ki fèk enskri ki nan nivo debitan fè gwo pwogrè epi yo kapab rive nan pati ki pi wo nan nivo entèmedyè ba a oswa premye pati nan nivo entèmedyè apre yon ane ansèyman kalite siperyè. Yo te akòde yon atansyon patikilye nan rezon kifè pwogresyon elèv ki soti nan nivo avanse pou ale nan nivo konpetan te minim anpil pandan 5 dènye ane yo. Egzamen done sa yo revele ke ELL ki te enskri nan distri a depi kindègadenn rive nan nivo konpetan nan 4yèm oswa 5yèm ane. Sa a sanble an akò ak rechèch la ki fèm konnen ke li ka pran 5 a 7 lane pou elèv yo rive nan konpetans lengwistik akademik yo. Yon egzamen pi apwofondi de done yo pèmèt nou konnen poukisa elèv ki rantre nan distri a nan nivo premye sik oswa segondè demontre ogmantasyon ki elve nan konpetans lang nan premye etap yo nan akizisyon lang lan, men yon pwogresyon minimal an apre. Sa a lakòz yon egzamen pi apwofondi nan pwogram akizisyon lang distri a. Analiz done yo ranmase pandan visit nan salklas yo, revizyon kourikoulòm, evalyasyon chak trimès nan alfabetizasyon ak matematik, prezans elèv yo, ak fidbak administratè batiman lekòl yo ak pwofesè yo te pèmèt nou detèmine ke li te nesesè pou aliyen kontni ak ansèyman lang. Yon patenarya te kreye ant distri a ak Hudson Valley RBERN pou bay pwofesè ENL ak pwofesè ki nan domèn kontni yo yon devlopman pwofesyonèl. Devlopman pwofesyonèl la gen ladanl konpreyansyonsa ki deskri yo konpetans nan lang lan, diferansyasyon ansèyman an, ak bay echlon ki apwopriye selon nivo konpetans espesifik elèv la nan lang lan. Yon seri de devlopman pwofesyonèl pi entansif pou pwofesè ENL yo konsantre sou dekonpozisyon estanda ansèyman yo pou kapab detèmine konpetans ke elèv yo dwe aprann ak ki jan yo pral bezwen demontre aprantisaj yo. Seri devlopman pwofesyonèl sa yo montre enpòtans pou bay fidbak espesifik epi konkrè pou pwogresyon elèv yo. Fasilitatè Nòm Akademik Depatman yo te sipòte pwosesis sa a nan devlope leson yo, nan bay pwofesè yo fidbak konkrè, ak nan sipòte administratè batiman yo nan idantifye eleman kle "pou obsève" pandan vizit klas yo. Depatman an ap kontinye revize ak evalye pwogram akizisyon lang distri a pou asire ke gen aliyman ki konsistan ant kontni an ak aprantisaj lang lan e ke pwofesè yo fikse gwo atant pou elèv yo pandan y ap bay yo sipò ki nesesè.



Sijè: Aplikasyon estrateji Elèv ki gen andikap ak elèv k ap aprann lang angle: Pilye 4

Kòmantè: Li enpòtan pou rann estanda ki baze sou kontni yo aksesib pou ELL yo, espesyalman pou pwofesè ki nan domèn kontni klas ki pa espesifik pou ELL yo.

Repons: Distri a bay pwofesè kontni ak ENL yo devlopman pwofesyonèl an patenarya ak Hudson Valley RBERN. Yo mete yon gwo aksan sou konpreyansyon ELL yo de kontni ki baze sou estanda nivo klas yo. Pwofesè yo konsantre sou bay sipò pedagogik ki ale pi lwen pase tradiksyon vokabilè epi yo ofri elèv yo opòtinite pou yo angaje yo nan aktivite refleksyon wo nivo poukont yo ak nan ti gwoup. Aliyman ansèyman kontni an ak ansèyman lang lan te enpòtan nan pwosesis sa a. Sa a gen ladan, aliyan materyèl siplemantè yo ak tèm Modil Lang Anglè yo san pa bliye kat pwogram Etid Mondyal ak Listwa Lekòl Segondè a. Yo bay elèv yo resous siplemantè yo selon nivo lekti yo ka fè poukont yo nan lang anglè sou baz rezilta evalyasyon alfabetizasyon ki fèt chak trimès yo. Materyèl sa yo ranfòse leson yo chak jou nan domèn kontni an.